ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№72 (24.510) ● 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru




# Къарур зэщІагъэуІуэ

***Мы махуэхэм Санкт-Петербург щекІуэкІ XXVI дунейпсо экономикэ зэхыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа лІыкІуэ гупышхуэ хэтщ, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек я пашэу.***

***Япэ махуэм щегъэжьауэ ди лъахэм и псэукІэр езыгъэфІэкІуэн, экономикэм зезыгъэужьын зэдэлэжьэныгъэ, зэгурыІуэныгъэ купщІафІэхэр нэгъуэщІ хэгъэгухэмрэ федеральнэ ІэнатІэхэмрэ зэрыращІылІэр щетх Іэтащхьэм и телеграм-каналымрэ сайтымрэ.***

## Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ инщ

**Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, «Чегем Агро» ООО-м Санкт-Петербург лъэныкъуищ зэгурыІуэныгъэ щызэращІылІащ. Ар зытеухуар Іуэхум мылъку хэзылъхьэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ гъэпэжэнымрэщ.**

УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Решетников Максим жиІащ: «Чегем Агро» ООО-м мылъкушхуэ халъхьащ, абы къыпэкІуащ цІыху 600-м лэжьапІэ зэрагъуэтар, къэралыр хадэхэкІ ІэфІкІэ зэригъашхэр, хуабэщхэм я фІыгъэкІэ Кавказым зэрызиужьыр. Сэ сыхуейщ республикэ Іэтащхьэми цІыхухэми сехъуэхъуну.

Иужьрй илъэс ныкъуэм къриубыдэу дэ проект 20-мкІэ зэгурыІуэныгъэ етщІылІащ щІыналъэхэм, ар сом триллион 1,2-рэ мэхъу. Иджыри дызэлэжьыр бэщ, псори зэхэту къапщтэмэ, сом триллиони 2,4-рэ хэгъэгухэм я экономикэм хэтлъхьэнущ», - къыхигъэщащ Решетниковым.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Чегем Агро» ООО-м хадэхэкІ хисэнущ, ищІынущ ар щихъумэни. Хуабэщхэр щІы гектари 100-м тетынущ, проектыр сом мелард 18 и уасэщ. Псори хьэзыр хъумэ, цІыху 1226-м лэжьыгъэ яІэнущ. Мыр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ проектщ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Решетников Максим фІыщІэ хуищІащ икІи жиІащ Тырныауз вольфрамрэ молибденрэ къыщыщІахыу зэфІэгъэувыжынымкІи апхуэдэ дыдэу къазэрыдэІэпыкъуар.

## ДяпэкІэ сэбэп хъунущ

**Кластерхэм, технопаркхэм, Урысейм и экономикэ щІыпІэ хэхахэм я ассоциацэм и унафэщІ Лабудин Михаилрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ лэжьыгъэ ІуэхукІэ щызэхуэзащ дунейпсо экономикэ зэхыхьэм. Ахэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрм радиоэлектроннэ промышленностымрэ промышленность псынщІэмрэ зыщиужьа зэрыхъунум.**

АПХУЭДЭУИ нэхъапэм зэрызэдэлажьэ ІэнатІэ 50-м я Іуэху зыІутыр зэпкърахащ, республикэм щыщ хьэрычэтыщІэхэм яхуэзащ.

Зэпсэлъэныгъэхэм яужькІэ, КъБР-м и Правительствэмрэ Ассоциацэмрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ. А дэфтэрыр сэбэп хъунущ дяпэкІэ зэгъусэу ягъэзэщІэн хуей Іуэхухэр зэфІэхынымкІэ.

## Къэхутэныгъэхэр и тегъэщІапІэу

**Экономикэ зэхыхьэ иным зэдэлэжьэну щызэгурыІуахэм ящыщщ «Росгеология»-мрэ Тэрч алмаз заводымрэ. КІуэкІуэ Казбекрэ «Росгеология» АО-м и правленэм и генеральнэ унафэщІ Горьков Сергейрэ зэпсэлъащ а Іуэхум теухуауэ. Дэфтэрым Іэ щытрадзэм хэтащ «Росгеология»-м и лІыкІуэхэр, КъБР-м и лІыкІуэу УФ-м и Президентым деж щыІэ Быкъыш Ратмир, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис, Тэрч алмаз заводым и генеральнэ унафэщІ ЛІэужь Адалбий сымэ.**

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, нэгъабэ екІуэкІа дунейпсо экономикэ зэхыхьэм «Росгеология» АО-мрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэгурыІуэныгъэ щызэращІылІауэ щытащ геологие къэхутэныгъэхэр зэгъусэу егъэкІуэкІыным теухуауэ.

Япэ ирагъэщар Тэрч алмаз заводым къыщІигъэкІ пкъыгъуэхэр геологие къэхутэныгъэхэм къыщагъэсэбэп Іэмал нэхъыщхьэ щІынырщ.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*



## Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэм теухуа КъБР-м и Іэтащхьэм и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэмкІэ си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу.

А махуэм дэ догъэлъапІэ цІыхухэм я узыншагъэр хъумэныр, я гъащІэр къегъэлыныр ІэщІагъэ зыхуэхъуа дохутырхэр, фельдшерхэр, медсестрахэр, медицинэ лэжьакІуэ нэхъыщІэхэр. Сыт хуэдэ зэманми фэ фи ІэщІагъэр адрейхэм къахощ гущІэгъумрэ гуапагъэмрэ абы епхауэ зэрыщытымкІэ. Фи Іэзагъэм, фхэлъ гудзакъэм, фи псэ къулеягъым сымаджэхэр гъащІэм къыхешэжри, абы и ІэфІагъыр нэсу зыхащІэж.

ФІыщІэ фхузощІ псэ хьэлэлкІэ фи ІэщІагъэм фызэрыпэрытым, фи псэемыблэж лэжьыгъэм папщІэ.

Жылагъуэм и узыншагъэр хъумэныр ди къалэн нэхъыщхьэщ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм щокІуэкІ абы зегъэужьыным хуэгъэза Іуэхугъуэ пыухыкІахэр. Лъэпкъ проектхэмрэ программэхэмрэ я фІыгъэкІэ сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я мылъку-техникэ лъабжьэр хъарзынэу ефІэкІуащ, цІыхухэм япэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт медицинэ ІуэхущІапІэхэр къэгъэщІэрэщІэжынымкІэ, ІэщІагъэлІхэр дэІыгъынымкІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ.

А унэтІыныгъэм щрагъэкІуэкІ Іуэху псори хуэунэтІащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм и фІагъым хэгъэхъуэным. Шэч къытесхьэркъым, дызэкъуэту дылажьэмэ, зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр къызэрыдэхъулІэным.

Узыншагъэ, зэІузэпэщыгъэ фиІэну, фи ІэщІагъэм ехъулІэныгъэ щызыІэрывгъэхьэну сынывохъуэхъу.

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»**
**цІэ лъапІэр**
**Балъкъэр А. Хь. фІэщыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ бгъэдэлъ Іэзагъышхуэмрэ папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр фІэщын **Балъкъэр Аслъэн Хьэлий и къуэм** - Москва къалэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и департаментым «Склифосовский Н.В. и цІэр зезыхьэ, дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм цІыхум и жьэжьеймрэ кІапцІэмрэ зэхъуэкІыным пыщІа и щІэныгъэ къудамэм и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м*
*№57-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм зегъэужьыным хуащІа хэлъхьэныгъэшхуэхэм, я ІэщІагъэм зэрыхуэІэзэм икІи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»***

**Іэпщацэ Іэуес Альберт и къуэм** - «ЩІыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм еІэзэным хуэщІа сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и хирургие къудамэм и унафэщІым - дохутыр-хирургым

**Кулиевэ Іэминат Ахъия и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм реанимацэмрэ интенсивнэ терапиемкІэ и къудамэ №1-м и унафэщІым - дохутыр-анестезиологым

**КІарэ Суфян Іэлисэхь и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм мафІэм исахэр щагъэхъуж и къудамэм и унафэщІым - дотхутыр-травматолог-ортопедым

**Поздняковэ Тамарэ Иван и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Перинатальнэ центр» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и дохутыр нэхъыщхьэм акушер-гинекологие дэІэпыкъуныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм

**ПхытІыкІ Бэлэ Хъалиф и пхъум** - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и гинекологие къудамэ №2-м и унафэщІым - дохутыр-акушер-гинекологым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ».***

**Дзэмыхь ХьэІишэт Абдулчэрим и пхъум.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м*
*№58-УГ*

# Къарур зэщIагъэуIуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).



### Къалащхьэмрэ щIыналъэмрэ зэгуроIуэ

**Москва къалэм и мэр Собянин Сергейрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Москварэ КъБР-мрэ я Правительствэхэр сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ дяпэкIэ зэрызэдэлэжьэнум, апхуэдэуи 2023 - 2027 гъэхэм зэгъусэу ирагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэм теухуа программэм хухэха зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.**

ИДЖЫПСТУКIЭ лъэныкъуитIыр зэпыщIащ мэкъумэш, туризм, егъэджэныгъэ, спорт унэтIыныгъэхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятие 23-м къыщыщIагъэкIхэр Москва щащэ. 2022 гъэм къриубыдэу консерв, гъэшхэкI, лыхэкI, IэфIыкIэ, псыIэфI, нартыху крахмал, мыIэрысэ сом меларди 5,4-рэ и уасэ щащащ къэралым и къалащхьэм. ДяпэкIэ ахэр нэхъыбэж ящIыну я мурадщ.

### ЗэфIэкIхэм нэхъри заубгъу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Коми Республикэм и лIыщхьэ Уйбэ Владимиррэ щIыналъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрызэдэлэжьэнум теухуа тхылъым Iэ щIадзащ.**

ЖЫПIЭНУМЭ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Коми Республикэмрэ я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр 1999 гъэм къыщожьэ. ДяпэкIэ хэгъэгухэм я предприятэхэр, IуэхущIапIэхэр нэхъри щIэгъэхуэбжьауэ зэдэлэжьэнущ, сату зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуэсэбэпыну езыхэм яIэхэм тепсэлъыхьащ Уйбэ Владимир. КIуэкIуэ Казбеки жиIащ зэпыщIэныгъэм Iуэхугъуэ куэд къызэрызэщIиубыдэнур, ухуэныгъэ, туризм, узыншагъэр хъумэн IэнатIэхэм зэгъусэу зэрызрагъэужьыфынур.

### Илъэс 22-рэ хъуауэ зэпыщIащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ «Россельхозбанк» правленэм и унафэщI Листов Борисрэ республикэмрэ банкымрэ дяпэкIэ нэхъ убгъуауэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ. Нэхъыбэу зэлэжьынур экономикэм зегъэужьыным, мэкъумэш щIэным теухуауэ къагупсыс Iуэхухэр гъащIэм хэпщэным, IT-м, бгым хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэзыз, туризмэм, псэупIэ ухуэныгъэм епха IэнатIэхэм мылъку къыхегъэлъхьэнырщ.**

«МЫ ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭР сэбэп хъунущ проект нэхъыщхьэхэр, федеральнэ, щIыналъэ программэхэр гъэзэщIэнымкIэ. Ахэращ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и инвестицэ щытыкIэм лъабжьэ хуэхъур», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

«Россельхозбанк»-р илъэс 22-рэ хъуауэ щолажьэ ди республикэм, а пIалъэм къриубыдэу цIыхухэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ сом мелард 59,6-рэ щIыхуэу яритащ, инвестицэ проект 69-м и мылъку хилъхьащ. А проектхэм ящыщщ Шэджэм щащI хуабэщхэр.

КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, а проект 69-м щыщу 50-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм иджыкIэ хуолажьэ, сэбэпынагъ куэд къыпэкIуэу.

***Санкт-Петербург щекIуэкI дунейпсо экономикэ форумым ипкъ иткIэ дыгъуасэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ Киров областым и губернатор Соколов Александр, щIэныгъэмкIэ «Мэшыкъуэ» центрым и унафэщI Сериков Антон, Херсон областым и губернаторым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Сальдо Владимир сымэ. АдэкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэхэр абыхэми ди республикэм дарищIылIащ.***




## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ Абдулаев Мустэфа йохъуэхъу



**Нобэ и илъэс 90 юбилейр егъэлъапIэ ди щIыналъэм пщIэшхуэ щызиIэ нэхъыжьыфI, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ Абдулаев Мустэфа Камал и къуэм.**

IЭЩЭКIЭ зэщIэузэда къарухэм хэту, Мустэфа Камал и къуэм илъэс 30-м щIигъукIэ Хэкум къулыкъу хуищIащ. Пенсэ кIуа нэужь, абы щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжащ, жэуаплыныгъэ зыпылъ IэнатIэхэм пэрытащ, щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хэлъхьэныгъэ ин хуищIу, ветеранхэм я зэщIэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщригъэужьу.

Абдулаев Мустэфа бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм къэрал гулъытэ ин игъуэтащ. Абы хуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр, «Псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщIэ», «Къулыкъу хьэлэлым папщIэ» медалхэм я нагъыщэхэр, нэгъуэщI къэрал дамыгъэ лъапIэхэр.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу Мустэфа Камал и къуэм сохъуэхъу къыщалъхуа и махуэшхуэмкIэ. Си гуапэщ узыншагъэ быдэ иIэну, фIыгъуэ куэд къеуэлIэну.



## Саугъэтхэр хуагъэфащэ

**Хабзэ хъуауэ, ди къэралым гъэ къэс щокIуэкI предмет зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ школ олимпиадэхэр. Абыхэм къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэри яхуэфащэ дыдэу яIэт, ягъэлъапIэ.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМИ гулъытэ лъагэ щегъуэт а Iуэхум. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр хуагъэфэщащ ШколакIуэхэм я урысейпсо, щIыналъэпсо олимпиадэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэм, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм.

Республикэм и УнафэщIым и саугъэтыр иратынущ ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух зэпеуэм текIуэныгъэ къыщызыхьа еджакIуи 3-м, абы къыхэжаныкIауэ зым, къэралпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа ныбжьыщIэ 42-м, анэдэлъхубзэхэмкIэ екIуэкIа республикэпсо олимпиадэхэм пашэ щыхъуа школакIуи 6-м. Апхуэдэу щIыналъэ Iэтащхьэм и саугъэтыр хуагъэфэщащ ныбжьыщIэхэр зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэ Iэзэу 47-м.

НыбжьыщIэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьа унэтIыныгъэхэм, предметхэм уатепсэлъыхьмэ, апхуэдэхэщ хамэ къэралыбзэхэр, гъащIэр шынагъуэншэу щытыным и лъабжьэхэр (ОБЖ), биологиер, химиер, технологиер, физкультурэр, апхуэдэуи экологиер, тхыдэр, географиер, математикэр, информатикэр, обществознаниер, литературэр, гъуазджэр, нэгъуэщIхэри.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI саугъэтыр ягъэуващ щытащ 2021 гъэм. Абы и мурад нэхъыщхьэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм ехъулIэныгъэ лъагэ щызыIэрызыгъэхьэ ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ, гулъытэ лъагэрэ пщIэрэ яхуэщIынырщ, я творческэ зэфIэкIхэм адэкIи зегъэужьынырщ.

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэIущIэ.**

# Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм къытеувыIэу

ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭХЭР халъхьэнущ КъБР-м и Правительствэм и Регламентым. КъБР-м и Правительствэм и проектхэр дяпэкIэ ягъэбелджылын хуейщ махуищым къриубыдэу. Хабзэу зытет махуийр куэдыIуэу къалъытэ.

- Проектыр тещIыхьащ Правительствэр зыхэплъэ Iуэхугъуэхэр нэхъ псынщIэу зэфIэха хъуным. ЗэIущIэхэр тхьэмахуэ къэс йокIуэкIри, дэфтэру зыхэплъэри куэд мэхъу. Ахэр зэтремыгъэхьэным тещIыхьауэ щытыпхъэщ пIалъэри, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и унафэщI **Гъудэ Аслъэн**.

Урысей Федерацэм пилот зимыIэ авиацэ системэм зыщегъэужьыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Москва и Правительствэмрэ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэм и проектыр игъэбелджылащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ТIымыжь Хъусен**.

ЦIыху щхьэхуэхэм газ Iэмэпсымэ къащэхуным, ягъэувыныр падзэнымрэ теухуауэ субсидие зэратынум къытеувыIащ КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр **Iэхъуэбэч Щамил**. ЗэхъуэкIыныгъэхэр къащтэмэ, цIыхухэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэр нэхъ тыншу хъунущ.

Министрыр къытеувыIащ КъБР-м и гипс заводым лэжьэн щIидзэжыным хэлIыфIыхьын гуп къызэгъэпэщыным теухуа проектым. Ар къыхалъхьащ республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ.

- Проектыр теухуащ «Къэббалъкъгипс» IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэтеублэжыным. 2018 гъэм ар мылъкуншэ хъури, зэхуащIыжауэ щытащ. Иджы ар къызэIуахыжынущ, «Эко-Золопродукт» IуэхущIапIэм и мылъку абы къызэрыхилъхьам и фIыгъэкIэ. Мы гъэм шыщхьэуIум и 1-м и пэ къихуэу лицензие ягъэхьэзырынущ икIи фокIадэм ирихьэлIэу IуэхущIапIэм лэжьэн щIидзэнущ, - жиIащ абы.

Шэджэм къалэмрэ Щхьэлыкъуэ къуажэмрэ я гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэным КъБР-м и бюджетым щыщу сом мелуани 7 хухахынущ. Абы теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и проектыр игъэнэIуащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн**.

Министрым игъэбелджылащ Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым и мылъкум щыщ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрыратынур и проектыр.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** зэIущIэм щигъэбелджылащ республикэм кхъахэ хъуа и псэупIэхэм цIыхухэр 2022 - 2025 гъэхэм къриубыдэу къыщIэгъэIэпхъукIыным и проектыр. Iуэхум папщIэ къагъэсэбэпыну мылъкур зыхуэдизыр иубзыхуащ «Фонд развития территории» компанием.

- Унэ кхъахэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным теухуауэ щыIэ хабзэхэм тету, КъБР-м 2023 гъэм Iуэхум и етIуанэ Iыхьэм папщIэ къылъысыр сом мелуани 192-рэ мин 793-рщ. Абы текIуэдэну къабжащ сом мелуан 276-рэ мин 803-рэ. Сом мелуани 192-рэ мин 793-р фондым и ахъшэщ, сом мелуан 84-р республикэм и мылъкум щыщщ, - жиIащ Алим.

Программэм и етIуанэ Iыхьэм къызэригъэувым тету, 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м и пэ къихуэу жьы хъуауэ къалъыта псэупIи 175-м щIэс цIыху 486-рэ къыщIэгъэIэпхъукIын хуейщ. Абы хиубыдэнущ Налшык, Май къалэхэр, Октябрьское, Учебное къуажэхэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Пщэдей Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ

# БЭРОКЪУЭ Мадинэ: Си IэщIагъэм зэи сытезашэркъым



***IэщIагъэм узэрехъулIэнур куэдкIэ елъытащ ар уи гумрэ уи псэмрэ къызэрыдыхьэм. ФIыуэ плъагъу Iуэхум ухуэщхьэхынукъым, уи зэфIэкIым зэрыхэбгъэхъуэным, нэхъыбэ зэрыблэжьыным сытым дежи ухущIэкъуу щытынущ. АбыкIэ щапхъэщ нобэ ди псэлъэгъу бзылъхугъэр. «Си IэщIагъэм икъукIэ увыпIэшхуэ си гъащIэм щеубыд. Лэжьыгъэм сыхэмыту зы махуи си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым», - жеIэ категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр-оториноларинголог, эндоскопист Бэрокъуэ Мадинэ. ИпэжыпIэкIи ар зи IэщIагъэм итхьэкъуа цIыхуу зэрыщытыр наIуэ пщохъу и лэжьыгъэм щытепсэлъыхькIэ икIи «Дохутыр тэмэм диIэ дэ?» псалъэхэр куэдрэ щызэхэпх нобэрей ди зэманым псори зы къупхъэм зэрыщIэмыгъэкIар къыбгуроIуэж.***

***Бэрокъуэ Мадинэ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Бахъсэнёнок къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр къиуха нэужь, Бахъсэн район сымаджэщым интернатурэр щрихьэкIащ, иужькIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва областым щыIэ, Владимирскэм и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ клиникэ институтым, РМАПО-м, Сеченовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт Япэ къэрал медицинэ университетым. Абы лэжьэн щыщIидзауэ щытащ Бахъсэн район сымаджэщым, Кыщпэк, Къубэ-Тэбэ къуажэхэм я амбулаторэхэм дохутыр нэхъыщхьэу щыIащ. 2009 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и Диагностикэ центрым щыIэщ, езым и уней клиники къызэIуихащ. Мадинэ яхэтащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зыщиубгъу лъэхъэнэм абы япэу пэщIэува дохутырхэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэригъэпэща, ковид узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм чэнджэщ щрат республикэ телемедицинэ центрым и унафэщIуи щытащ. Бэрокъуэм лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэр, IэнатIэм щызыIэригъэхьа зэфIэкIхэр гулъытэншэ хъуакъым. Абы къыхуагъэфэщащ «Трудовая доблесть России» дамыгъэ лъапIэр, УФ-м, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ я министерствэхэм, республикэм и Парламентым я щIыхь тхылъхэмкIэ ягъэпэжащ.***

- Илъэс 20-м щIигъужащ дохутыр-отоларингологыу сызэрылажьэрэ, ауэ къызэрыщIэздзар терапевтущ, - къыщIедзэ псалъэмакъыр Мадинэ. - Абы сызэрыхуэкIуэжари гъэщIэгъуэнщ. Си щхьэгъусэ Къэзакъ Заур сабийхэм еIэзэ неврологщ. ТIури Бахъсэн район сымаджэщым дыщылажьэрт. Абы район поликиникэхэри и нэIэ щIэтти, лэжьыгъэ нэхъыбэ и пщэ къыдэхуэрт. Абы щыгъуэм компьютерхэр щыIэтэкъым, сымаджэм и дэфтэр тхылъым псори IэкIэт зэриттхэжыр. ЗэрысхуэзэфIэкIкIэ зыгуэр зэрыщызгъэпсынщIэным сыхэтти, жэщкIэрэ абы и гъусэу сытхэрт. Апхуэдэурэ здекIуэкIым си щхьэгъусэм сытрегъэгушхуэ: «Уэри сабий неврологыу еджэжи, район сымаджэщым а и IэнатIэр зэгъусэу зэдетхьэкIынщ», - жери. IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Къарэнашэ Iэминат деж сокIуэри, ди мурадыр хузоIуатэ, арщхьэкIэ езым нэгъуэщI гугъэ къысхуиIэу къыщIокI. «Бахъсэн район сымаджэщым сабий невролог нэхъыфI дыдэр щолажьэ, ЛОР-дохутыр дыхуэныкъуэщи, еджапIэ узэрыкIуэнум зыхуэгъэхьэзыр», - къызжеIэри сыкъыщIегъэкIыж. Хуабжьу сыхуэарэзыщ а бзылъхугъэм, Iуэхум сызэрытригъэгушхуам папщIэ. Сызыхуеджэжа IэщIагъэм апхуэдизкIэ сыдихьэхати, лэжьыгъэм сыщыпэрыхьэжынум сыхуэпIащIэу сыкъэкIуэжат. МОНИКИ медицинэ IуэхущIапIэрат си щIэныгъэм щыхэзгъэхъуари, абы щыIэ профессор гупым лэжьыгъэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэмкIэ IэщIагъэр фIыуэ умылъагъупIэр иIэтэкъым. Сэ насыпыфIэ сещI мис мы си IэхэмкIэ цIыхум и узыр зэрыщхьэщысхыфым. Зи тхьэкIумэр узу жэщ псом мыжея е тхьэмахуитI хъуауэ гайморит иIэу зи щхьэр къызыхуэмыIэт, пэкIэ хуиту мыбэуэф цIыхум асыхьэтым зыгуэрхэр ибохьэлIэри, плъагъуурэ и нэгум зехъуэж, и нэхэм гъащIэ къыщIохьэж. Сымаджэм апхуэдэ щытыкIэ зэрыритыжыфырщ дохутырым и гуащIэм хэзыгъахъуэр. «Дуней нэхум хуиту сыхэбгъэплъэжаи», - сымаджэм къыщызжиIэкIэ, ар си лэжьыгъэм къыпэкIуэ фIыщIэ мылъытэщ. Си мызакъуэуи, дохутыр псом я дежкIи.

**- Мадинэ, нэхъыбэ къэпщIэну узэрыхущIэкъум и щыхьэтщ эндоскопиемкIэ уи Iэзагъэм зэрыхэбгъэхъуар. ЛОР-эндоскопистым сыт и къалэныр?**

- Сызыпэрыт Iуэхум и лъэныкъуэ псоми фIыуэ сыщыгъуэзэныр си къалэну къызолъытэ. Сымаджэм и узыфэр зыхуэдэр, хуэгъэфэща мыхъуу, си деж тэмэму къыщищIэн папщIэ эндоскопиеми хэсщIыкIыпхъэу зыхуэзгъэувыжащ. Эндоскопием Iэмал къызет пэм, жьэм, тэмакъыщIэм и кIуэцIымкIэ сыкъыщеплъу абы щекIуэкIыр нэхъ хуиту зэхэзгъэкIыну. Эндоскопие къэпщытэныгъэмкIэ хэмытIасэу къыпхуэхутэнущ тхьэкIумэм, пэм, тэмакъыщIэм къыщыхъу узыфэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым зи тэмакъыщIэр лыш узыфэм иубыд цIыхухъухэр нэхъыбэ хъуащ. Зы мазэм кърибыдэу а узыфэр цIыхуищым япкърыту къыщысхута къысхуихуащ. Куэдым я узыфэр хэтIэсэху дохутырым зыхуагъазэркъым, лышхыр 4-нэ лIэужьыгъуэм нэсамэ, абы сэбэп узэрыхуэхъужыфын щыIэкъым. Ар зэфыкIыу нэхъыбэрэ дызрихьэлIэр тутынафэхэрщ. КъищынэмыщIауэ, зэранщ щIыIалъэм дэта псы щIыIэмылыр, шей пщтырыр. Ахэр зи нэрыгъ цIыхухэр къыхузоджэ, я узыншагъэр ягъэнэхъапэу, а хьэлхэр зыханыну, абыхэм зыщамыдзеифынумэ, щIэх-щIэхыурэ я щытыкIэр кърагъэпщытапхъэщ.

ТэмакъыщIэм и IуэхукIэ, псом япэу гурыщхъуэ уэзыгъэщI нэщэнэщ макъ икIар. ТхьэмахуитIым кърибыдэу къимыутIыпщыжамэ, адэкIэ умыгъэгувэу эндоскопие, КТ къэпщытэныгъэхэр егъэщIын хуейщ. Тхьэмахуэ кIуам си деж щыIа щIалэм и тэмакъыщIэр лыш хъуауэ къэтхутащ. ИлъэскIэ и макъыр икIауэ щытащ, къызэремыузым къыхэкIыу гулъытэшхуэ иримыту. «Сошхэф, собэуэф, зыри къызэузыркъым, си макъыр икIамэ, къихьэжынщ», - жаIэурэ хагъэтIасэ. ТэмакъыщIэр лышхым щиубыдам и деж узыркъым, къытызогъэзэжри, тхьэмахуитIкIэ макъыр икIауэ щытмэ, ар ущIызыщIэгупсысыжын щхьэусыгъуэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: а узыфэ шынагъуэр къывэмыуэлIэн папщIэ тутын Iугъуэ гуащIэм, щIыIэм, пщтырым фи тэмакъыщIэр щыфхъумэ. ЗыгуэркIэ ар фиIэу къахутамэ, хэвмыгъэтIасэу зэрывгъэхъужыным иужь фит. Пасэу къахута сыт хуэдэ узыфэри куэдкIэ нэхъ гъэхъужыгъуафIэщ.

**- ЛОР-узыфэхэм ящыщу нэхъыбэрэ цIыхухэр зыгъэсымаджэр сыт хуэдэхэра?**

- Нэхъыбэрэ дызрихьэлIэр синусит, гайморит узыфэхэрщ. Коронавирус узыфэ зэрыцIалэр Iэпкълъэпкъым егъэлеяуэ егуэуащ. Абы иужькIэ куэдым я тхьэкIумэм тэмэму зэхимыхыжу, нэжьгъу къупщхьэм шын ирищIауэ, нэгъуэщI дерт гуэрхэри иIэ хъуауэ зыкъытхуагъазэ. Иджыпсту нэхъ зызыубгъуар синуситырщ. Узыр хагъэтIэсауэ цIыхуи 10-м нэблагъэ къытхуокIуэ махуэ къэс. Мы узым иIэщ тыншу къыпхуэмыхутэ нэщэнэ гъэпщкIуахэр. Ахэр къыпхуэмыщIэмэ, Iэпкълъэпкъым и адрей пкъыгъуэхэми зэранышхуэ яхуэхъунущ. И тхьэкIумэм шын къикIыу иджыблагъэ къытхуэкIуащ сымаджэр, инсульт зиIэм и напэ лъэныкъуэр нэхъ къехауэ зэрыхъум хуэдэу уIуплъэрт и нэкIум. Медицинэ къэпщытэныгъэхэр езгъэкIуэкIри, узыр къызэрищIам, адэкIэ и Iуэхур къызэрекIуэкIар къезгъэIуэтэжурэ къызгурыIуащ и щхьэкъупщхьэм нэсауэ зыгуэр зэрыщыщыIэр. И нэкIу къупщхьэр КТ тщIыри, а сызэрыгугъам хуэдэу зэрыщытыр наIуэ къэхъуащ. Республикэ сымаджэщым и нейрохирургие къудамэм дгъакIуэри, абы операцэ щащIащ.

Псом хуэмыдэу ди цIыхухэр еукI лъынтхуэр зэхуэзышэ медицинэ ткIуаткIуэхэр куэдрэ къызэрагъэсэбэпым къыхэкIыу, хуиту мыбэуэфу я пэр щиубыдыкI зэрыхъум (медикаментозный ринит). Пэм ирагъаткIуэ апхуэдэ ткIуаткIуэхэр цIыхухэм зэпамыгъэууэ илъэс бжыгъэкIэ къагъэсэбэп, унэм щыдэсми къыщыдэкIми Iэгъуэу яIыгъыу. Аллергие зиIэми пыхусыху зыпкърытми зрахьэлIэу щIадзэри, ипэхэм деж сэбэп къазэрыхуэхъуам къыхэкIыу, яхухыфIэмыдзэжу абы йосэ. Нэхъыбэ дыдэу ахэр къызэрыбгъэсэбэп хъунур махуи 3 - 5-щ. Пэм зыхищIэ щIыIэм е хуабэм елъытауэ щиубыдыкIыу хъууэ аращ, апхуэдэ щытыкIэр Iэпкълъэпкъым зэрызихъумэж Iэмалщ. «Жэщым сабийр хуиту бэуэфыркъыми, илъэситI хъуауэ ткIуаткIуэхэр къыдогъэсэбэп», - жеIэ анэм. И къыгурымыIуэныгъэкIэ и сабийм и узыншагъэм апхуэдэ щIыкIэкIэ зэран хуохъу. Дохутырым зыхуэвгъэза, и чэнджэщ фыщIэдэIуа?! Зы дохутырми къыбжиIэнукъым пIалъэ кIыхькIэ ар зэпхьэлIэн хуейуэ. Илъэс 15-кIэ медицинэ ткIуаткIуэхэр зи пэм изыгъэткIуамрэ наркоманымрэ зыкIи зэщхьэщыкIыркъым, къагъэсэбэп препаратыр мыхъумэ. Псалъэм папщIэ, наркоманым наркотик щимыгъуэтым и деж, нафтизин ткIуаткIуэр и пэм иригъаткIуэурэ, и нэм щIигъаткIуэурэ зэрыт щытыкIэ хьэлъэм къоокIыф. Псом япэрауэ, а ткIуаткIуэхэр зэранышхуэ хуохъу цIыхум и гу-лъынтхуэ лэжьэкIэм. Iэзэгъуэ иIэщ абыи. Есауэ илъэс бжыгъэкIэрэ ар зи пэм изыгъаткIуэу щытар, тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу нэхъыфI къохъуж. «Мыбы и Iэзэгъуэ зэрыщыIэр иджыри къэс щхьэ зэдмыгъэщIарэ?» - жаIэу я щхьэр фIаудыжу си деж щIокIыж.

**- Ди зэманым цIыхухэм куэдрэ къагъэсэбэп хъуащ зыгуэрым зэредаIуэ тхьэкIумэIулъхэр. Сыт хуэдэ зэраныгъэ абы иIэнкIэ хъунур?**

- Шэч хэмылъу, куэдрэ къэбгъэсэбэпыныр зэранщ. ПIалъэ пыухыкIа иIэн хуейщ абыи: махуэм нэхъыбэ дыдэу сыхьэтитI. Уи тхьэкIумэм и къабзагъэми егугъуу кIэлъыплъыпхъэщ. Махуэ къэс ягъэкъабзэу пIэрэ тхьэкIумэIулъхэр?! КъищынэмыщIауэ, зым и тхьэкIумэм илъар адрейм къегъэсэбэп, абыкIэ узыфэ гуэр зэрызэIэпахынкIэ хъунур ягу къэмыкIыххэу. Мис апхуэдэхэм деж тхьэкIумэр зыкудэ тхъуэбзащхъуэр нэхъ псынщIэу ирещIэ, абы узыфэ зэхуэмыдэхэри къыдохъей. КъищынэмыщIауэ, ину дэшеяуэ макъамэ зэредаIуэри тхьэкIумэIупсым зэран хуэхъунущ, япэщIыкIэ фIыуэ зэхимыхыжу, итIанэ дэгу хъункIи шынагъуэ щыIэщ.

Мыбдежым цIыхухэм гулъытэ хуезгъэщIыну сыхуейт тхьэкIумэм и къабзагъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм. Зы хъыбар фезгъэдэIуэнщ. Зи ныбжьыр илъэс 55-рэ хъу цIыхубзыр и тэмакъыр узу си деж къэкIуащ. И тэмакъми, и пэми сеплъауэ, тхьэкIумэм сыщынэсым: «КхъыIэ, тхьэкIумэм уемыплъ, къызэузыркъым, илъэсиплI сызэрыхъурэ лъэныкъуэм зэрызэхимыхщ. Си тхьэкIумэр къызэузу дохутырым и деж сашэри къызэIэзащ, ауэ абы иужькIэ зэхэзмыхыу сыхъуащ», - жиIащ. АрщхьэкIэ, сэ си къалэныр сощIэж жысIэу, тхьэкIумэм сыщиплъам, слъэгъуам сыкъигъэуIэбжьат. Хущхъуэ гуэрхэр хуизгъаткIуэри, къистхьэщIыкIыжащ. Тхъуэбзащхъуэр кIэрищIэжауэ, си Iэпхъуамбэ цIыкIум хуэдиз хъууэ быдэу шыхьа бинт игъухьар тхьэкIумэм къисхыжащ. Абдеж къэхъуар фIэщщIыгъуейт - цIыхубзым и тхьэкIумэ лъэныкъуэм зэхих хъужат!

Ди цIыхухэр мэшынэ я тхьэкIумэр ятхьэщIыну, кърalъэщIыкIмэ, зэфIэкIа я гугъэщ. Ар къыщежьэр щысабийм и дежщ. «Уи тхьэкIумэр убыд, псы иумыгъэлъадэ», - жаIэурэ ягъэшынэ. Япэ илъэс ныкъуэращ сабийм и тхьэкIумэр щамытхьэщIыр, итIанэ щыбгъэпскIэ хуэмурэ богъэкъабзэ, иужькIэ езым и Iэпхъуамбэ цIыкIум сабын хущыпхуэурэ, здынэсым нэскIэ ибогъэIэбэри, псыкIэ къыхуботхьэщIыкIыж. АдэкIэ напэIэлъэщIкIэ богъэгъущыж. Илъэс 70 хъууэ игъащIэм си тхьэкIумэм псы изгъэлъэдакъым жызыIэхэми сарохьэлIэ.

**- Мадинэ, уней клиникэ къызэIупхыным сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар?**

- Къэрал медицинэ IуэхущIапIэм къыдэкIуэу, нэгъуэщI уней клиникэхэми сыщылэжьащ. Абыхэм Iэмал ущиIэкъым уэ ущыхуейм деж сымаджэр къэбгъэкIуэну. Махуэ лэжьэгъуэр и кIэм нэсамэ, бжэр зэхуащIыж. ЗэрытщIэщи, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ абыхэм зыри щыбгъуэтынукъым. Сэ къызэса цIыхухэр жэщи махуи къыспыщIащ. Узым къыхигъэзыхьу къэпсэлъам дэIэпыкъуэгъу сыхуэхъуфыртэкъым, абы сэ езым си гур хигъэщIыжырт. Апхуэдэурэ здекIуэкIым, сыщыхуейм и бжэр Iусхыу, сымаджэр къызэрысщыгугъыр щыхуэсщIэн зы егъэзыпIэ симыIэу зэрымыхъунур къызгурыIуащ. Си щхьэгъусэми си къуэми Iуэхур къыздаIыгъри, ди IуэхущIапIэр къызэIутха хъуащ. Иджы жэщым сыхьэт 12-ми сыкъыдокI, мылэжьэгъуэ махуэ сиIэкъым, сымаджэр къыщысхуейм сыкъигъуэтыфынущ. Си IэщIагъэр сэ езым къыщыхэсхыжакIэ, къысщыгугъ цIыхум дэIэпыкъуэгъу сыхуэхъунырщ си къалэн нэхъыщхьэр. Си IэщIагъэр апхуэдизкIэ фIыуэ солъагъури, си лэжьыгъэм теухуауэ зэи сезэшыркъым.

Клиникэм и Iуэхухэр хъарзынэу зэтеублащ. Сэр нэмыщI иджыри ЛОР-дохутыритI мэлажьэ, кардиолог, терапевт, нефролог, сабийми балигъми еIэзэ неврологхэр диIэщ. Дызыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ дыкъызэгъэпэщащ, амбулаторэ-поликлиникэ дэIэпыкъуныгъэ псори ди деж щагъуэт.

**- Дохутыр умыхъуамэ, сыт хуэдэ IэщIагъэт уиIэну уи нэгу къыщIэбгъэхьэр?**

- Курыт еджапIэм франджыбзэмкIэ ди егъэджакIуэм бзэм фIы дыдэу сыдригъэхьэхат, сэри хъарзынэу сехъулIэрт. «Бзэр тыншу къэпщтащи, хамэ къэралхэм щылажьэ журналист е дипломат къыпхэкIынущ», - къызжиIэрт абы. Апхуэдэу екIуэкIыурэ 9 - 10-нэ классхэм химиемрэ биологиемрэ сыдихьэхащ, си адэми и пхъур дохутыр хъуну зэрыхуейр къызыпхигъэIукIырт. ИужькIэ IэщIагъэр си гум къыдыхьэри, нэгъуэщI къыхэсхыну сегупсысыххакъым, сыщыхущIегъуэжа зы махуи къысхуихуакъым. Си IэщIагъэм къаруушхуэ къысхелъхьэ. Язынықъуэхэм деж си щхьэгъусэм къызыпхегъэIукI: «IэщIагъэм и мызакъуэу унагъуэ узэриIэр пщIэжрэ?» - жиIэу. Пэжщ, цIыхубзым унагъуэращ япэ иригъэщыпхъэр. Ди щIалэр балигъ хъуащ, езым и унагъуэ иухуэжауэ Москва щопсэу, юристу мэлажьэ. Илъэситху хъу ди къуэрылъху пщащэ цIыкIур фигуристкэщ, и ехъулIэныгъэхэмкIэ дегъэгушхуэ. Пщыхьэщхьэ къэс видеозэпыщIэныгъэкIэ дызэрощIэ. ЩIэх-щIэхыури дызэкIэлъокIуэ. Си щхьэгъусэри зэрыдохутырым къыхэкIыу фIы дыдэу сызэхещIыкI, езыр Налшык къалэ сымаджэщ №1-м щолажьэ, абы къыщыдэхуэ зэманым клиникэми щыIэщ.

*Епсэлъар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

# ГъащIэм и щIыхуэ

Рассказ



КУЭД щIауэ цIыхухэм ялъагъужатэкъым мыпхуэдэ щIымахуэ дахэ. Тхьэмахуэм щIигъуауэ мыувыIэу уэс къесырт, лъэкъуампIэ къытебнам ухуеплъэкIыжамэ, уи лъэужьыр хыумылъэгъуэжу апхуэдэт. ЦIыхухэр нэжэгужэу къалэ уэрамым дэтт. Зыми гукъеуэрэ нэщхъеягъуэрэ ямыIэжым хуэдэу, щIылъэм зытезыубгъуа уэсым зыдащI пэлъытэт. Абыхэм ящыщт НэфIыцIи. Абы и гуфIэгъуэ тIуащIэт нобэ. Мы дунейм сыт щыIэ уи адэ-анэр къыпщхьэщытыным нэхърэ нэхъ насып?! Апхуэдэ гупсысэхэр зэзыгъэзахуэ пщащэр нэгъуэщI насыпи пэплъэрт, ауэ иджыпстукIэ и гур здэщыIэр сымаджэщым щIэлъ и анэм дежт. НэхъыфI хъужат. Мыгувэуи къыщIатхыкIыжынуи жаIат. Мы щIымахуэ дахэм къеса уэсыщIэр и щIэщыгъуэу, ар щIэупщIакIуэ кIуэрт. Зыми ищIэртэкъым НэфIыцIэ и пщэдейм къыхуихьынур, ауэ, абы и гум щигъафIэр, и гугъэ дунейр зэрыгъэнщIар къабзагъэм и лъахэу езым ибжыж гъатхэ дахащэрт. А и гущIэ гъатхэм гъэм и сыт хуэдэ зэмани къэкIыгъэ дахэхэр щогъагъэ. Абы зэи щIыIи уэлбани къыщыхъуркъым. IэпкълъэпкъзэкIуж зиIэ, зи нэгур сыт щыгъуи зэIуха, зи Iупэплъ дахэр сыт щыгъуи зэтеж, НэфIыцIэ и щIалэгъуэщ, щIэнэщхъеини иджыри ирихьэлIакъым. Уи щIалэгъуэмэ, уи хъуреягъри уи щIэщыгъуэщи, уотхъэ, сыт щхьэкIи нэфIэгуфIэу щымытынрэ пщащэр?!

Дахащэщ нэм илъагъур. ЖаIэ, Антарктидэм мылылъэ щIыпIэхэр зэрыщыткIужым къыхэкIыу мы дунейри нэхъ хуабэ хъууэ. НэфIыцIэ ар и фIэщ хъуркъым. Сыт щыгъуи щыIэнущ щIымахуи, гъатхи, гъэмахуи, бжьыхьи - дунейм и Iыхьэ иIыгъынущ. Къэсынущ мыгувэу ар нэхъ зыпэплъэ гъатхэр. Къратауэ щыта мэжджытжыгри гъэгъэнущ. А къэкIыгъэр сытым хуэдэу фIыщэу илъагъурэ абы. Абы и мэ гуакIуэр зыпищI щыIэкъым.

Гупсысэ дахащэхэм щыхьэщIэурэ, ар нэсащ и анэм деж. ЦIыхур псэуху фIы гуэркIэ мэгугъэ. Гугъэншэу дауи упсэун, а гугъэрщ ипэкIэ укIуэтэну лъэкIыныгъэ къозытри.

- Мамэ! - и анэм зэрыIуплъэу, жиIэнури адэкIэ къыхупымыщэу НэфIыцIэ занщIэу ехуэхащ. Абы япэу илъагъуу арат щхьэц Iув кIыхь зытета анэм и щхьэр зэраупсар. Ауэ, абы ищIэртэкъым апхуэдэу къыщIэхъуар. Зи нэхэм нэпсыр хуэфIу щIэт Дисэ и пхъум и гур фIы хуищIыну хэтми, ар абы зэкIэ къехъулIэртэкъым. Пэжщ, кърахьэлIа хущхъуэхэм нэхъыфI къащIыжауэ, пIалъэкIэ щIатхыкIыжынуми, щIэх-щIэхыурэ мыбы къытригъэзэну къызэрыжраIам апхуэдэуи, зеиншэу къэнэнкIэ хъуну и хъыджэбз закъуэм щегупсыскIэ, анэм и гум фIы щыщIэнт?

- Си хъыджэбз, сыхъужынущ, зыIыгъ.

- Уи щхьэцыр...

- Арыншэу хъуакъым, къэкIыжынщ, си дахэ!

Пщащэм и дежкIэ анэм и узымрэ и щхьэц яупсамрэ нэхъ и гум къеуар мыгурыIуэгъуэми, и анэм и узыншагъэр щхьэц дахэ тетам дэкIуэдауэ къызэрыщыхъуам, къыжьэдэкI псалъэхэм егупсысын зэрыхуейм и гупсысэхэр нэсыртэкъым. Абы ищIэжыртэкъым нобэ хуэдэу игу щыхэщIа къэхъуауэ. НапIэдэхьеигъуэщ уи дунейр къыптеункIыфIэнуми, нэхъ нэху хъунуми. Куэд щIатэкъыми, зытет щIылъэр хуримыкъурэ дунейр щэ пкIэгъуэ хуэмыхъуу, и анэр нэхъыфI зэрыхъуам, мыгувэуи унэм зэрагъэкIуэжынум щыгуфIыкIыу гъуэгу щытетар. Иджы псори къытеункIыфIауэ къыщIокI. А тIум иджыпсту ягъэвыр псалъэкIэ къэIуэтэгъуей хъуну къыщIэкIынщ. Ауэ шэч зыхэмылъыжырщи, тIуми ягъейр я щхьэкъым, атIэ зыр адрейм хуогумащIэ. Быныр IэфIщ. Дисэ щощтэ зи насып къэкIуэгъуэ и хъыджэбзыр зеиншэу къэнэнкIэ зэрыхъунуми, ауэ и гугъэри хихыжыркъым гъащIэм. НтIэ сыт апхуэдэу къэхъуамэ, апхуэдэ уз зэуэлIауэ дапщэ абы пэлъэщрэ гъащIэм и IэфIыр зыхащIэу илъэс Iэджэ кIэ псэужыр! Пэжщ, абы игъащIэми фIэфIтэкъым мыпхуэдэ узыфэхэм щытепсэлъыхькIэ. Ар хуейтэкъым и щхьэ апхуэдэ гуэр хуихьыжыну. Зыхуимыгъэфащэу аратэкъым, атIэ щышынэрт. Псэр IэфIщ. Ар зыужэгъужа щыIэкъым.

Дисэ гупсысэ Iейхэр зыщхьэщихурт - ар псэунущ и пхъум, и щхьэгъусэм папщIэ. Хъунукъым нэгъуэщIу. Мы узыр Алыхьышхуэм къыщIрипэсами игъэгуитIщхьитIт ар - гуэныхьышхуэ гуэр къиихьауэ арауэ пIэрэ? ИщIэжыркъым абы апхуэдэ. Ауэ, гъэунэхупIэ иригъэхуауэ арауэ къыщIэкIынщи, хущIэкъунщ а щытыкIэм къызэрикIыным.

Анэмрэ пхъумрэ апхуэдизкIэ зэгъунэгъут, зэпхати, гъащIэр Iэ щIыIэкIэ къахэIэбэу, а тIур зэкIэщIичыныр ауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым пщащэм. НэфIыцIэ иджыри къэскIэ мы сымаджэщым къыщIамыгъэкIуар, уз зэрыцIалэ къекIуэкIым и зэрану, Диси нэхъ сымаджэ, нэхъ фагъуэ щIэхъуари арауэ къыщыхъурт. Иджы унэм кIуэжмэ, и анэр хъужыхукIэ лъэкI къимыгъанэу, сытри хуищIэнщ. И гур хэщIми, гугъэрт пщащэр...

Ауэ и гугъапIэхэр нахуапIэ хъуакъым - и дунейр къытеункIыфIэу къыщохъу НэфIыцIэ. Абы илъэгъуа щыIэкъым. Сыти илъагъун, щIымахуэр икIмэ, илъэс пщыкIуий ирикъун къудейуэ аращ. Жьыр къыщепщэр имыщIэу, зыхуэныкъуи щымыIэу къагъэтэджащ и адэанэм. Иджы и анэр сымаджэ зэрыхъуам гухэщI кърет.

НэфIыцIэ и анэм деж щIэупщIакIуэ щыкIуа махуэм, дунейр и щIэщыгъуэт, иджы къэзыухъуреихь псори абы къыфIэIуэхужыркъым. АпхуэдизкIэ щIыIэщи, пщащэм и Iэпкълъэпкъыр зэщIигъащтхьэ хуэдэщ. ЦIыхум и гукъыдэжым елъытауэ къыщIэкIынщ ихъуреягъыр фIэдахэнуми, фаджэу къыщыхъунуми. А псори пщащэм нэсу хузэмыгъэзахуэми, къыгуроIуэ абы фIыщэу илъагъу и анэм хуэдэ мы дунеишхуэм зэрытемытыр, абы зыгуэр къыщыщIмэ... Хьэуэ. Си мамэ сэ иджыри куэдрэ схуэпсэунущ...

* * *

«Алыхьым къыпхуимыгъэгъу». Илъэс дапщэ дэкIа абы лъандэрэ, ауэ а псалъэхэр Хьэмид и тхьэкIумэм ноби итщ. ЦIыхум тобэ къихьыжмэ, и гуэныхьыр къыхуэгъун хуейкъэ? Къыхуэгъуакъым. Гуэныхьыншэ щыIэкъым. Пэжщ, щихьэмтетыгъуэм щыгъуэ лей куэди зэрихьащ. Ар фIы дыдэу абы къыгуроIуэж. ИтIани, сыт ищIэнт, зэманыр абы щыгъуэ нэгъуэщIт.

Абы щыгъуэ и щIалэгъуэ дахэт. Мы дунейм хузэфIэмыкIын щымыIэу, сыт ищIэми, къыхуэгъуну къыщыфIэщIыж зэмант...

Къаджэ макъым лIыжьыр и гупсысэхэм къыхашыжащ. КъехьэлъэкIыпэурэ, щIакъуэ башыр зыщIигъакъуэурэ бжэщхьэIум къытеуващ. Гузэвэгъуэ гуэр къызэрыхъуар къыгурыIуат пыIэ зыщхьэрыгъ щIалэщIэр къыщилъэгъуам. А дакъикъэм абы и гур здэмыжаи, зэримыгъэзэхуаи щыIэж къыщIэкIынкъым. Ауэ, зытригъэужырт, мы дунейр зи щIыIагъым щхьэпцIэу хэт къэзыкIухьыр жыхуиIэу. Зыри зэхихыртэкъым лIыжьым, ауэ и тхьэкIумэм IупщIу, иджыпсту зэхихым хуэдэу, итт «Алыхьым къыпхуимыгъэгъу» псалъэхэр.

- Сызэхэпха?

- Сытщ жыпIа?

- Дисэ щыIэжкъым...

- Зэи убгэ хъунукъым, - лIыжьым зэхихар апхуэдизкIэ и щхьэм дэуеящи, жиIэр къыгурыIуэжыркъым. ЩIалэщIэри зыри къыгурымыIуэу къоплъ. Дауи, зэхищIыкI къыщIэкIынщ зи ныбжь хэкIуэтар зэрыт щытыкIэр, уи бын щIэплъхьэжыныр мыбдеж щылъкъым.

- Зыгъэхьэзыр, дадэ, уздэсшэну си пщэ къыдалъхьащ.

- Мыр ещанэщ... - ар жиIэурэ йощэтэх Хьэмид, ауэ щIалэр мапхъуэри, ар зэщIеубыдэ, дэIэпыкъуурэ щIешэжри, шэнтиуэм ирегъэтIысхьэ.

... Абы щыгъуэ дунейр тIэу пкIэгъуэ хуэмыхъуу, и щIалэгъуэ дахэт. Иджы жьы хъуащ, гузэвэгъуэ куэди игъэващ.

И щIалэ нэхъыжьыр машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдащ. Ар сытым хуэдэу къытехьэлъат абы?! Къишауэ, лъэужь гуэр къигъэнауэ щытами аратэкъэ? Курытри хъыбарыншэу кIуэдащ...

- Дадэ, нэгъуэщI щыгъын щыптIэгъэнуми къыпхуэзгъэхьэзырынщ, дапхуэдэу тщIымэ нэхъыфI?

- Ыыы.

- Сызэхэпхрэ? - зи нэпсхэр къызэфIэзэрыхьа, гупсысэ куум хэзэрыхьыжа Хьэмид нэхъ зыкъригъэщIэжмэ фIэигъуэу, щIоупщIэ щIалэр...

Гуащэ. Арат абы зэреджэр. И цIэм хуэкIуэ дыдэу дахащэт езыри. АпхуэдизкIэ лъагъугъуафIэти, удэзымыхьэхыну зыри хэмылъу къыщыхъурт Хьэмид. Абы щыгъуэ гъатхэт. И гъатхэт Хьэмиди. Электроникэ Iэмэпсымэхэрщызэпкъралъхьэзаводым къызэрыуврэ куэд мыщIа Гуащэ и щхьэц фIыцIафэ и бгым теуэм, и нэгу нэфIэгуфIэм, набдзэ Iувхэм къащIэплъ нэ фIыцIитIым хьэщыкъ ящIа, заводым и мастер нэхъыжь Хьэмид мы дунейм зы Iэмал щыIэу къигъэнэнтэкъым абы нэхъ гъунэгъу зыхуищIыфын папщIэ.

- Сэ щхьэгъусэ сиIэщ, скIэрыкI, - шэуэ къытехуат а псалъэхэр Хьэмид. Ауэ и фIэщи хъуатэкъым, игуми ирилъхьат ар зэхигъэкIыну.

А махуэм лэжьэгъуэ зэманыр щиухынур къыхуэмыгъэсу сыт хуэдэу гугъу ехьат Хьэмид. Ауэрэ пщыхьэщхьэри къос, цIыхухэр гуп-гупури зырыз-тIурытIури лэжьапIэм дэкIыжхэрт. Нобэрей махуэр пIащIэу щIалэм ирихьэкIами, зыщIыпIи къыкIэрымыхур абы и закъуэ хуэдэт. ДэкIыжыпIэм пэмыжыжьэу иIэ блыным зыкъуэзыгъэпщкIуа щIалэщIэм и нэм къыфIэнащ бостей хужь зыщыгъ хъыджэбз зэкIужыр. Заводым къыдэкIыжри, уэрам еуэкIыпIэм нэсауэ щIалэм бзылъхугъэм зыбгъэдигъэхуащ.

- Си фIэщ хъуркъым уэ сэ нобэ къызжепIар.

- Сытыр? - щIалэм жиIэр Гуащэ имыщIэжыфэ зытрегъауэ.

- Уэ щхьэгъусэ у...

- Ар пэжщ, - Iэпеуд щIалэм и псалъэр нримыгъэгъэсу.

- Сыти сщIэнщ, ауэ ар пэжу щытми, си фIэщ сщIынуи сыхуейкъым.

- УзэрегуакIуэщ.

Ар жеIэри, Гуащэм нэхъ зреч. Хьэмиди абы кIэлъыпIащIэркъым. Ар и пIэм ижыхьат. Апхуэдэ щытыкIэ ар куэд щIауэ итыжатэкъым. Пэжт, ар лъагъуныгъэщIт, щIэщыгъуэщIу зэрыщытри дэплъагъурт. ИтIани, иджы хуэдэу гурыщIэ нэс ищIауэ абы ищIэжыртэкъым.

Къызэралъхури ерыщт Хьэмид. Нобэр къыздэсым ищIэртэкъым ар хьэлыфIу хэлъми, Iейуэ щытми. Ауэ а ерыщагъым щIалэр лъагапIэ е щыхупIэ гуэрым хуишэнкIэ зэрыхъунум шэч хэлътэкъым. Псори зэлъытауэ щытынур езым къигъуэтыжыну и гъуэгурт...

* * *

«Алыхьым къыпхуимыгъэгъу». Арат иужьрей дыдэу Гуащэ и псалъэу Хьэмид зэхихыжар. Зи хьэпшыпыр зэщIэзыкъуэу машинэ хьэхукIэ IукIыжа цIыхубзыр игу къызэреуа щыIэуи фэ теттэкъым. ИлъэсищкIэ зэдэпсэуат ахэр, ауэ бын зэдагъуэтатэкъым. Лейр гъуркъым. А псор иужьрей зэманырщ абы нэсу щызыхищIэжар. А и щыуагъэхэр къыгурыIуэжын папщIэуи къыщIэкIынт ар ди щхьэщыгу итым нобэм къэсыху щIигъэпсэуар, апхуэдиз бын гуауэр щIрыригъэгъэвар.

Ауэ, пэж дыдэу, Гуащэ лей ирихат. Пэжщ, закъуэ къуаншэ щыIэкъым. АбыкIэ куэдрэ и щхьэ игъэфIыжырт Хьэмид...

Абы щыгъуэ Гуащэ лIы бгъэдэст. Куэд щIауи ямыIауэ, псэщIэ абы и пкъым къыщеуэрт. Хэт и гугъэнт ар а бзылъхугъэм и IэкIэ иукIыжын хуей хъуну... Абдеж абы и насыпри щыункIыфIат.

ЖаIэ КъурIэн лъапIэм иту, зы псэ хей бгъэнмэ, цIыхуу мы дунейм тетыр букIа пэлъытэу. Гуащэ фIыуэ хуэмылъэгъуа и щхьэгъусэм къыбгъэдэкIри, къыкъуэжын хуея псэщIэри иукIат, Хьэмид и псалъэхэм я зэранкIэ. ТIуми зэдаукIат ар.

Абы иужькIэ ахэр зэрышэхэри, зэрызэдэпсэуа зэманым здэмыкIуа дохутыри къамыгъэнами, бын зэдагъуэтатэкъым. ЩIызэбгъэдэкIыжари, бын зэрамыгъуэтырт.

Хьэмид и хъуэпсапIэр зригъэхъулIэн папщIэ игъэунэхъуа цIыхубзым елъэпэуэжынри, уеблэмэ къуаншагъэ псори зыбгъэдэлъар арауэ къызэрилъытэнури зырикIт. Езым сыт щыгъуи зыфIэзахуэжт. Ауэ нэхъ пэжыр гъэунэхупIэ изыгъэхуэжа ди Алыхьышхуэрт зыщIэр.

... Хьэмид зэи и гугъакъым езыр зэрыхуэмейуэ и Iуэхухэр къекIэрэхъуэкIыну. УяпэкIэ бгъэжа мывэм уIуоуэж жыхуаIэр абы таурыхъыут къызэрыщыхъур. Жьыгъэм и хъым ихуэу, и бынхэм я нэщIэбжьэ илъагъухуи апхуэдэущ къызэрилъытар. Ауэ, иужькIэ езы гъащIэми и хабзэ зэриIэжымкIэ зыкъригъащIэу хуежьащ.

ИтIани, иныкъуэхэм деж Гуащэ и гыбзэр къытехуауэт абы къызэрилъытэр. И къуаншагъэхэм щхьэкIэ жэуап ихьыжу къыфIэщIыртэкъым. ФIыуэ илъагъу цIыхухэр фIэкIуэдыху. Иджы зи гурыгъузым ихьыр НэфIыцIэт - и анэр зэрымыпсэужрэ ар къыпхуэмыцIыхужыну псэлъэгъуей хъуат. Хэлъыжла, жыпIэу фэмрэ къупщхьэмрэ хуэкIуат.

«Аргуэрым зыгуэр къыщыщIмэ дауэ сэ»... - жиIам щыщтэжауэ къыхэскIыкIащ лIыжьыр.

- НэфIыцIэ, НэфIыцIэ, - къеIущэщ лIыжьми, дунеягъэм щызэрихьа лейр гъащIэ щIыхуэу зэрипшыныжыр зыхищIа хуэдэ, и IитIыр хуэмурэ къеIэтри, - Ди Тхьэшхуэ, сынолъэIу, хъыджэбз цIыкIур къысхуэхъумэ...

И гуэныхьхэр къыхуигъэгъуну щхьэ емылъэIурэ? Хунэсыну пIэрэ апхуэдэ щытыкIэ ихуэну? ЗэкIэ и щхьэ имыгъэнэхъапэу арагъэнщ.

Псори зи Iэмырри, къэхъунукъэщIэнури Алыхьышхуэрщ зыбгъэдэлъыр, Хьэмид и лъэIури аращ къыхуэзыщIэфынури, гугъэкIэ пэплъэнщ, сыт и Iэмал.

«Ди Тхьэшхуэ, НэфIыцIэ къысхуэхъумэ». - Къытригъэзэжурэ лIыжьыр заулкIэ лъэIуа нэужь, хуэмурэ къэтэджри, щIакъуэ башыр зыщIигъакъуэурэ унэм щIыхьэжащ...

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд**.




**● ГушыIэхэр**

### Сыкъэушмэ, пщIыхьэпIэт!

Абрэдж гуэр гупым яхэсу игъэхъахэр яхуиIуэтэж пэтрэ старшынэр хьэщIэщыбжэм Iухьащ. Псалъэмакъыр щызэхихым, щIэмыхьэу бжэм кIэрыувэри кIэщIэдэIухьащ. Абрэджым иIуэтэжырт пащтыхьыгъуэм и тетхэм я бийуэ зэрихьа лIыгъэхэр, полицэхэм зэрезэуар, зэраIэщIэкIар.

«Мис иджы гупыр щыхьэту къэзумысащ абрэдж хахуэр», - жиIэу старшынэм бжэр Iуихри щIыхьащ. Абрэджыр старшинэм къыIуплъэри, къызэредэIуар къыщыгурыIуэм:

- Сыкъэушмэ, пщIыхьэпIэт! - яжриIащ зи жьэ ущIауэ къедаIуэ гупым.

### Гъудэм довэ жыхуиIэм хуэдэу

Выжьым и бзэгур къилэлу, вагъэмбэкъум дэту евэкIырт. Гъудэр вым и тхым зытриукIауэ тесу екIуэкIырт. НэгъуэщI зы гъудэ блэлъэтырти, вытхым тесыр къилъагъури къегуоуащ:

- Сыт нэхъ уи лэжьыгъэ иджы си ныбжьэгъум? - жиIэри.

- Довэ, си ныбжьэгъу, довэ! - жиIащ вытхым тесым.

**● Гупсысэр - псалъэкIэ**

## ЗыгъэкIуэдыфын щыIэкъым

ГЪАЩIЭР гъэщIэгъуэнщ! Дауэ хъуми, дауэ щIэми, гъащIэм хэкIыпIэ къегъуэт. Ар зыгъэкIуэдыфын къару щыIэкъым. Муслъымэн диным емызэгъыу къызэрилъытэм къыхэкIкIэ, адыгэхэм сурэт ящIу щытакъым. Ауэ я гурылъхэмрэ я мурадхэмрэ мыкIуэдыжу дунейм къытрагъэнэн щхьэкIэ, алэрыбгъухэм, арджэнхэм, упщIэхэм сыт хуэдэ тхыпхъэ гъуэзэджэхэр хащIыхьу щыта! ДыщэрыдэкIэ сыт хуэдэ хэдыкI гъуэзэджэхэр ящIу щыта! Тэрэфарэ дахэу, зэщIэпщIыпщIэжу, зэщIэлыдэжу дарий бостейхэмрэ дыщэ пыIэхэмрэ хадыкIырт. Шылэхъархэм сыт хуэдэ тхыпхъэ дахэ хащIыхьрэт. Кистрэ краскэкIэ ящIыну зыхуимытыр мастэрэ IуданэкIэ хадыкIырт.

**ТЕУНЭ Хьэчим**.

# ШатэпскIэ гъэбэкхъа кIэртIоф

КIЭРТIОФ укъэбзар ятхьэщI, тIэкIу ягъэжэпхъри, зэпэплIимэ цIыкIуурэ яупщIатэ. ТебэкIэ тхъур къагъэплъ, абы кIэртIоф упщIэтар халъхьэ, и щхьэр зэхуэдэ ящIри, тебащхьэр тепIауэ мафIэр ину блэуэ дакъи-къэ ныкъуэкIэ ягъажьэ зэIамыщIэу.

МафIэр щабэ дыдэ ящIри, тебэр дакъикъэ 15 - 20 хуэдизкIэ пэшхьэкум трагъэт. Тебащхьэр трах, шыгъу траудэри, кIэртIоф жьа лъэныкъуэр зэрагъэдзэкI, шыбжий хаудэри зэIащIэ. Тебащхьэр трапIэжри, тхъуэплъ дахэ хъуху мафIэ щабэм тету ягъажьэ.

ИтIанэ хуэмурэ зэIащIэурэ шатэпс щIакIэ, тебащхьэр трапIэжри, мафIэ щабэм тету зэIамыщIэу ягъэбэкхъ дакъикъи 5 - 6-кIэ. Тебэр пэшхьэкум къытрахри, джэдгын хаудэ, тебащхьэр трапIэжри, дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэтщ, IэфI къыщIыхьэн, мэ дахэ къыхихын щхьэкIэ.



Пщтыру яшх, пIастэ е мырамысэ хуабэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** кIэртIоф укъэбзауэ - г 200, бжьыныху укъэбзауэ - г 20, тхъууэ - г 60, шатэпсу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.



**● ЖыIэгъуэхэр**

## Нысэ мыхъумыщIэм унагъуэ хейр зэIещIэ

**✦Зи жьэм текIуэдэжа куэд кхъэм щIэлъщ: ахэращ езыр мы дунеижьыр нэхуу зэфIэзыIыгъэр.**
**✦Зи тхыдэр щхьэхуит лъэпкъыр щхьэхуитщ!**
**✦Бэнэныгъэ езыгъэкIуэкIхэм щIызэдэшхыу я лъэр щIэхумэ, зи мыIыхьэм бжьыпэр еубыд.**
**✦Бжэныр хыуагъэхмэ, ухэдэкIафIэщ.**
**✦Гугъэм игъэщIэхъуIакIэ, хыфIидзэжыркъым.**
**✦Гъатхэр хэкIасэкIэ, бжьыхьэр епэсэуэн къанэркъым.**
**✦Зи чэзур блэбгъэкIмэ, зи мычэзу зыщIегъури къегъэзэж.**
**✦Махуэр сэбэпыншэу зэрыбгъэкIуар къэпщIэжмэ, ари псыхэкIуадэ дыдэу кIуакъым.**
**✦ПсэукIэжьым и щIэиным щыдыхьэшхыр дыхьэшхэнщ.**
**✦ГъащIэр узэрыщымыгугъауэ къыщIэкIыжмэ, зыщIыпIэ ущыхэжеящ.**
**✦Зэхыумыхагъэххэм хуэдэу, игъащIэм пщIэуэ щытахэр пщогъупщэж...**
**✦Нысэ мыхъумыщIэм унагъуэ хейр зэIещIэ.**
**✦Ахъшэр къэлэжьыгъуей-зэгъэкIуэкIынейщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

**● Фэ фщIэрэ?**

## Джэш

ДЖЭШЫР ижь зэман лъандэрэ адыгэхэм къагъэкI. Ар икъукIэ ерыскъы къэуатщ, абы шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхащIыкI, гъэгъахэм бжьэм фо къыпах.

Джэшым и къэхъупIэкъежьапIэр Америкэрщ, Колумб Христофор а щIыналъэр зэрыщыIэр къищIа нэужь, испанхэм XVI лIэщIыгъуэм ар Европэм къашащ.

Джэшыр хуабэр фIыуэ зылъагъу къэкIыгъэщ. Ар къэкIын, зиужьын щхьэкIэ щIыгулъым хуабэу градус 20 - 25-рэ игъуэтын хуейщ. Апхуэдэу нэхумрэ псыIагъэмрэ фIыуэ елъагъу. А къэкIыгъэр щыхэпсэну нэхъыфIщ ятIагъуэ щIыхэм.

Джэшыр узыншагъэмкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъур къагъэлъэгъуащ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм. Ар узыфэ куэдым пэщIэтыфщ. Махуэ къэс джэшу 50 пшхмэ, лышхыр къоуэлIэныр къыпхузэтегъэувыIэну къалъытэ.

**ДОЛ Iэминэ**.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Бгъэр ... уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **6**. ЗэдэпщIэ ..., зэдэшхэ IэфIщ. **7**. ... и щхьэр умытIатэу хьэ илъэ ху илъэ пщIэркъым. **9**. ... зиIэми ешх, шху зиIэми ешх. **10**. И ... и ныбэ ихуэжыркъым. **11**. Уэлбанэ ... щIэпытхъщ, фызым я тхъэгъуэр къэбгъавэщ. **12**. ... унэжь пхъэжь мафIэ. **14**. ... мэкъумэш пэтрэ яух. **15**. Дауэ ... дауэ хъун, дауэ хъумэ дауэ сщIын? **16**. Жьым ..., щIэр къащтэ. **18**. ... мыхъунумэ, кIэрэф мэхъу.

***Къехыу:*** **1**. Ныбэрыдзэ ... щхьэдэдзых. **2**. Делэм ... сыфIокI, губзыгъэр езыр къысфIокI. **3**. Бзурэ пэт абгъуэ ... . **4**. Зы хьэнэф зы хьэнэф и ... . **7**. ... здэщымыIэм насыпи щыIэкъым. **8**. ... зимыIэ щыIэкъым. **13**. Абрэмывэ пэт зы пIэм ... . **14**. Ахъшэр пшахъуэщи, ... пцIащхъуэщ. **17**. Ныбгъуэр хьэм хэсми, хум ... хуэгъэзащ. **18**. НэфIэгуфIэ и ... дыщэ IуэнтIа щIэлъщ.




*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

***Мэкъуауэгъуэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хьэсэ. **3**. Бжэгъу. **7**. МыджэмыпцIэ. **8**. Ду. **10**. Пшэ. **11**. Къуэ. **12**. Алъп. 13. Къан. **15**. КIэ. **16**. Къру. **17**. Хъы. **18**. Вындыржьыч. **22**. Гъуазэ. **23**. Ерэн.

***Къехыу:*** **1**. Хьэм. **2**. Сыдж. **4**. Жэп. **5**. Гъудэ. **6**. Емышэ. **9**. Унажэ. **11**. Къуентхъ. **14** Ержыб. **18**. Вэгъу. **19**. Нэз. **20**. Жьыр. **21**. Чын.

● «Иппосфера-2023»






# Адыгэ хэку укъыщыхута хуэдэт

**Мэкъуауэгъуэм и 9-м щегъэжьауэ 12 пщIондэ Санкт-Петербург щекIуэкIа «Иппосфера» XXIV дунейпсо шы гъэлъэгъуэныгъэм Урысейм и щIыналъэхэм ящыщу 18 хэтащ. Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ щIалэхэр АР-м и Шу хасэм зэхуишэсри, адыгэшыр екIуу щагъэлъэгъуащ мы зэхыхьэм. Шу хасэм и тхьэмадэ Тхьэпщокъуэ Альберт зэрыжиIамкIэ, зэкъуэш республикэхэм щыщ щIалэхэр зэхыхьэри, яшхэр яшащ Санкт-Петербург. Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыщу шы щырыщ, Краснодар крайм щыщу зы, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ тIу хэтащ гъэлъэгъуэныгъэ иным.**

УРЫСЕЙМ и «ищхъэрэ къалащхьэм» цIыху 40 хуэдиз здишащ Шу хасэм. Адыгэхэм гъэлъэгъуэныгъэ пщIантIэм щагъэува шэтырым ди хэку укъыщыхутауэ къыпфIигъэщIырт. АдыгэлIым адыгэшыр ижь-ижьыж лъандэрэ зэриIэпэгъур щIалэхэм ягъэлъагъуэмэ, адыгэ бзылъхугъэм и Iэпэм дыщэ къызэрыпыщыр утыку кърихьащ Бэджокъуэ Бэллэ. Абы и IэдакъэщIэкI фащэхэр, цIыхубз фэилъхьэгъуэр зэрагъэщIэращIэ цIыкIуфэкIухэр, адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр къызытещ хьэпшыпхэр здихьат Бэллэ икIи шэтырым дахэу щрагъэувэкIат.

Гъэлъэгъуэныгъэр зэрекIуэкIа махуиплIым кърихубыдэу «Абрэджхэр» ныбжьыщIэ къэфакIуэ ансамблым адыгэ щэнхабзэр цIыху мини 10-м ирагъэлъэгъуауэ жыпIэ хъунущ. апхуэдиз къыщызэхуэсат зэхыхьэм. Ахэр къэфащ, джэгуащ, хьэщIэхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ. Урысейм и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ къикIа хьэщIэхэм зыщамыгъэнщIу зэпаплъыхьырт адыгэ фащэхэр, ар зыщыгъ щIалэгъуалэм сурэт трахырт, джэгу щекIуэкIкIэ къыхыхьэурэ къафэрт. Тхьэпщокъуэ Альберт и нэIэ щIэту иша гупым дэтхэнэми къалэн пыухыкIа иIэти, Iуэхур нэхъыфI зэрыхъунум, адыгэм и шыфэлIыфэр екIуу зэрагъэлъэгъуэнум, лъэпкъым и Iулыджыр зэраIэтынум, и хъугъуэфIыгъуэхэр утыку къызэрырахьэнум иужь итащ псори.

Зэкъуэш республикэхэм ираша адыгэшхэр и макъ жьгъыру дахэмкIэ утыку къришэу, абыхэм ятеухуахэр рингым щигъэIуу, «Иппосфера»-р зэрекIуэкIым и чэзум дыщигъэгъуазэу гупым я гъусащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгей ТВ»-м и лэжьакIуэ ТIэш Светланэ.

Илъэсым екIуэкI шы гъэлъэгъуэныгъэ нэхъ иным шы лIэужьыгъуэ 20 хэтащ, псори зэхэту щитI утыку къихьащ, шы зыгъэхъу заводрэ цIыху щхьэхуэу 100-м яйуэ. ЛIэужьыгъуэхэм ящыщт ахалтекин, буденновск, владимирскэ, донской, орловскэ, терскэ, вятскэ, мезенскэ, нэгъуэщIхэри. Псоми яцIыхуу яхэтт адыгэшри.

«Иппосфера»-м кърихьэлIахэм адыгэшым и дахагъым рингым щыкIэлъыплъа къудейкъым, атIэ шэщ «зэIухахэм» бгъэдыхьэурэ шыхэр зрагъэлъэгъуащ, сурэт зытрагъэхащ, телъэщIыхьащ. Гъэлъэгъуэныгъэм щыIахэм жаIэ, ди шэщхэм я деж махуиплIми цIыхухэр Iуву щызэтрихьэу зэрыщытар.

- Дэ шыр едгъэцIыху къудейкъым, атIэ ди лъэпкъыр, ди щыIэныгъэр, ди щэнхабзэр, ди напэр дгъэлъагъуэу аращ. Псори щыгъуазэщ адыгэшым и зэфIэкIым, - жеIэ Тхьэпщокъуэ Альберт.

Ди шууейхэм а махуэхэм ягъэлъэгъуащ адыгэшым и къарур здынэсри, и теплъэр зэрыдахэри, и зэфIэкIыр зэрыинри. Псом нэхъыщхьэращи, адыгэлIымрэ адыгэшымрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар, лIыми шым хуэфащэу зэрызиIыгъыр, ар къуэшым хуэдэу къызэрилъытэр цIыхухэм я фIэщ ящIащ.

МахуиплIым кърихубыдэу лIэужьыгъуэ 14-кIэ зэхьэзэхуащ шыхэмрэ шууейхэмрэ. Абыхэм ящыщу «Созвездие Шагди» зыфIащам пашэныгъэ къыщихьащ Налмэс зи цIэ шым, абы тесар Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ КIэдыкIуей Замрэтщ.

Апхуэдэу зэхьэзэхуэ дэтхэнэми щытекIуахэр зэуэ утыку кърашэжати, пашэныгъэр зылъысар буденовск шы лъэпкъращ, ауэ ди Налмэсыр къеплъахэм нэхъ ягу ирихьауэ къыхахри, «Приз зрительских симпатий» тыгъэр къыхуагъэфэщащ.

Къапщтэмэ, Шу хасэр 2018 гъэ лъандэрэ хэтщ мы Iуэхум, дуней псом щыцIэрыIуэ шагъдий адыгэш зэкIужыр утыку иришэу. ИкIи 2021 гъэм Адыгейм и Куэшхьэблэ районым щыщ Налмэс шыр «Созвездие Шагди» рингым и чемпион хъури, «Иппосфера-2021»-м и и вице-чемпиону хахащ.

Апхуэдэ пашэныгъэхэр дунейпсо утыку къыщызыхь ди шууейхэр екIурэещхьу зэщыхуэпыкIауэ, къэзылъагъу псоми ягу къинэжу хэтщ а Iуэхум. Мы гъэм хуабжьу дахэ хъуат Тхьэпщокъуэм и унафэм щIэту ежьа шууей гупыр «Петергоф» музей-заповедникым къызэрыщакIухьар. «Абрэджхэми» джэгушхуэ щащIащ абдеж.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**





Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.683
Заказыр №1299

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А